

ROMAN SUNDA

# RamPog Gerot tr Tuikarendong



8

ENTANG.S

torneo  
americano



Batjaan nu geus Dewasa.

No 04369  
Rp. 6

# RAMPOG GEROT TI TJIHAREN DONG

Djilid ka 8

Entang S.



Laksana.


Diterbitkeun ku Penerbit "LAKSANA"  
BANDUNG-JAAN



Gambar kulit dilukis ku ! — Ahdijat Ms.

Pangaos Rp. 70,-

Surat izin No. Pol. 019-I/ NBT/BIN/'71  
KOMDAK VIII Djabar "Langlangbuana"  
telah di periksa dan disetudjui untuk diedarkan



## BAGIAN KAHIDJI

TJLEB balati nantjeb kana taneuh mani ampir satengahna, tapi Amran mah geus ngoneal deui hudang, matak heran pikeun musuh ku kakesitan-nana teh, nepikeun ka peso nu sakitu kawas kilat njamber sirah bisa digiwarkeun.

Maskara gantjang ngarongkong pesona nu nantjeb tea, tapi gantjang ku Amran diberik disepak lebah pigeulangna.

„Saaaaat..... !”

„Et .....! Kurang adjar maneh ngabongohan, tapi awas dewek tong disebut turunan Kandangdja-ga lamun teu bisa modaran ka silaing !”

Maskara njentak bari djeung pasang kuda<sup>2</sup>, sedengkeun pesona mah teu kaburu kaangkat, masih keneh nandjeb bae dina taneuh.

Marwijah mah anteng laladjo nu keur rebutan umur begalan pati bari njempod dina sela<sup>2</sup> tangkal kai, da sieun kagalej meureun.

Pel, dua pasangan geus silih tempelan peureup masing<sup>2</sup> taja nu tjileureun tapi pada lingas titingalianana sabab pada<sup>2</sup> sieun kapalingan panon atawa kapiheulaan babar.

„Aeup!” tjeuk Maskara bari kulawit pindah kuda<sup>2</sup> sukuna njurudut nu hareup ka tuksng.

„Jah!” bareng djeung gerakan, Amran buru<sup>2</sup> asup maling kuda<sup>2</sup> disatengahing djalan, sakalian ngageblagkeun dadana.

„Oooooow!” gorentel Maskara ngagorentel, tapi bari nedjeh tuur Amran.

„Heup ah!” Amran ngadjumpalik ngan hadena bari dibarengan ku djungkir balik, atuh datangna teh nagog deui kuda<sup>3</sup>.

„Sugan kurang adjar maneh teh Amran, paingan atuh geus wani<sup>2</sup> ngarebut pamadjikan batur ari djago mah,” tjeuk Maskara bari molotot.

„Paling oge silaing nu purah maling bikang batur mah, dewek mah maling oge karana nulung tina tjangkreman djeung kakurang adjaran djelema<sup>2</sup> djahat, rampog<sup>2</sup> gerot samodel silaing!” tembal Amran bari buntjelik.

„Hah, kurang adjar, rek dibikeun jeuh awewe teh ku silaing atawa moal?” Maskara njentak.

„Prak geura bawa, tah ieu Marwijah nu tjeuk silaing keur diteteangan teh pikeun nedunan pamenta kokolot silaing si Djalumpang, tapi same-mehna silaing bisa mawa Marwijah, kudu bisa ngabedjadkeun sirah si Amran heula!” tjeuk Amran bari nulaktjangkeng.

„Sugan kudu disakalikeun ku dewek hab!” sirintil Maskara njirintil bari peureupna ngalajang rek njamber gado Amran.

„Saaat!” Amran ngagiwar bari njepak kewongna mani sataker tanaga.

„Aaaaaaw!” gorengel gogorengelan tapi malik deui mani ngan sakilat geus nagog kalawan beuki galakna.

„Sirintil pasang deui kuda<sup>2</sup>, pel silih tempelan deui mani palinges lingas tea.

Ngan sakiliwing pisan, Maskara newak suku Amran djung diangkat ka luhur bari dipuntit, tina batukat ku pangabisana pol pikeun Maskara ogé.

Barang rek diragragkeun maksudna rek digebot.  
Amran ngulawit sukuna:

„Sat jah!” bari digebot ka handap.

„Jaaaaaaaah!” suku Amran meulit kana beuheung Maskara atuh Maskara kabawa bari geus aja pang-handapna ditindihan beuteungna ku Amran.

„Oooooow ..... hek!” tjenah da diteundeutkeun lebah hulu angenna.

Kek beuheungna ditjekek bari ditumpakan beuteungna, serepet Amran njabut peso pamahanan aki Panhur tea nu geus maehan bapana bareto.



Marwijah geus peureum da teu tegel nempona nu rek diheumbat beuheungna ku peso balati. sedeng-keun Maskara geus teu bisa ngalawan deui,

„Awas! silaing moal untupan bisa hirup, kapalang dewek ngahirupanana oge. modarsiah!” bari diheumbat luhur naker.

Seak ditudjukeun kana beuheungna Maskara mani bangbaraan bakat kutarik<sup>2</sup>na.

„Heup!” teu kanjahoan ti tukangeun djol kek bae aja nu njekel leungeun Amran mani satarikna pi-san. Malah Marwijah oge tjolohok bengong.

„Saha andjeun?” Amran njentak bari malik boga rasa handeueul djeung njangkana teh nu newak ti tukangeun batur Maskara.

Tapi barang direret singhoreng ujut Mardasan anu kungsi misahkeun kamari ieu waktu maraneh-na garelut bareupeun nji Tarmidah tea,

„Hahaha. oh bujut, bujut! Ke heula hidep teh ulah kabaruru ku napsu, napsu teh temahna matak kaduhung. Geus geura harudang deui agus, duanana oge turunan ujut keneh, baeu ku ujut di djudjut deui!” tjeuk ujut Mardasan bari djeung neutup ka duanana. Maskara katut Amran tingharego tuluj narangtung dihareupeun ujut Mardasan.

Marwijah oge njampiurkeun, malah pangheulana ngasongkeun dampal leungeunna, pel sasalaman sa-reng ujut Mardasan.

„Nepangkeun Jut. abdi Marwijah!”

„Ditampi geulis ditampi, euleuh geuning ieu teh aja nu geulis didieu.”

„Tidinja Maskara djeung Amran buru<sup>2</sup> tingsolong-krong ngasongkeun dampal leungeunna, sabab maranehanana mah geus pada kararenaleun kawantu basa garelut kungsi dipisahkeun ku ujut.

„Hapunten Ujut, abdi teh parantos riributan deui bae,” tjeuk Amran bari djeung seuri leutik tapi tungkul da isineun ku Ujut.

„Keun, memang moal njaraho anu saenjana, sabab Ujut bareto poho teu ngadjudjut sabalakana anu sa-enja<sup>2</sup>na.

Ujut teh kaliwat rusoh bareto basa misahkeun hidep duaan keur garelut teh.

Ajeuna kakara ku Ujut kaingetkeun. Untung bae hidep bieu gantjang kapanggih ku Ujut, lamun henteu tanwande bakal aja salahsahidji anu tiwas:

Maskara djeung Amran teh lain nu lian, tapi masih saturunan. Kieu ari djudjutanana mah.

Baheula Ujut boga dulur anu ngaran Sajadikara katedahna teh, nja boga anak ngaranna Saladikara, boga deui anak nu ngaran Djajadikara, Djajadikara nja ngabogaan hidep nu ngaran Maskara. Tah kitu ulah salah paham, djadi antara Amran djeung Maskara eta teh masih keneh dulur mun ku pantjakaki meureun kudu pilantjeukeun Amran ka Maskara teh, sabab Sajadikara teh lantjeuk Ujut.” sakitu Ujut Mardasan nerangkeunana teh singket tapi kaharti,

„Hatur nuhun atuh Ujut parantos kerese nerangkeun deui djisim abdi duaan nu balilu.



Atuh ajeuna mah djisim abdi teh bade njuhunkeun dihapunten bae ka kang Maskara, tina katjalunta. ngan abdi ka salira!" tjeuk Amran, satria manehna mah pangheulana ngasongkeun leungeun.

Ku Maskara ditarima bari pokna.

„Sawangsulna Aji, akang oge njuhunkeun diham-pura ku aji."

„Tah sukur atuh ari geus alakur mah. Kitu deui Maskara ulah rek gede timuruhan ka Amran. prak-geura piara deui pamadjikan hidep nji Tarmidah.<sup>2</sup> Sabab pikeun Amran oge ujut saksina, teu pisan<sup>2</sup> manehna ngahadja ngadjalankeun nu teu matak pi-hadheeunana, ngan pedah Amran keur dikerem ku rampog tuluj aja nu djumerit, sihoreng pamadjikan hidep, nja terus ditulungan ku ki Amran.

Numatak poma hidep teu meunang sungku sangka nu lain<sup>2</sup>.

Ki Amran mah tah ieu pibodjoeunana, nu geus ti heula ku manehna katulungan. Djeung deui poma hidep oge Amran, ulah rek luntja lintji luntjat mulang. tah ieu bae pibodjoeun hidep mah, ujut ge-satudju pisan. Ari sababna ujut terang ka turunanana, ieu teh turunan mas Kuwu Sewudjadjar. djalmi ngartos djalmi nu widjaksana susah pitanding-eunana," saur ujut Mardasan bari neuteup ka nu tiluan rel kaditu ret kadieu.

Maskara ngeluk tungkul, saking rumasana jen manehna salah sangka djeung gede timuruhanana ka ki Amran teh. Ajeuna rada oge isin ku pamolahna sorangan djeung ku ujut katut ku Amran pribadina.

„Djisim abdi undjuk hapuntenna bae, rumaos kirang didikan, rumaos kirang tata perjogana!” tjeuk Maskara.

„Teu nanaon, keun nu enggeus mah enggus weturta pamaksudan hidep ulah rek ditulukeun, nja eta hidep hajang ngahidji djeung ki Djalumpang eta teh gede pisan salahna. Angguran mah diri hiddep prak ngahidji djeung ki Amran. langsungkeun tjita<sup>2</sup> hidep teh njaeta pikeun ngabubak djelema nu boga kalakuan angkaramurka, Tapi kade masing ati ati sabab lain lawaneun nu kurang pangabisana, Ki Djalumpang teh djelema djago djelema boga ka saktianana.

Moal beunang sanadjan ku keris ku pedang kitu deui sanadjan dirempug ku mang pirang<sup>2</sup> pakarang ari sabab manehna teh ngabogaan elmu nu disebut elmu Pantjasona, kalawan manehbanana ngabogaan rupa elmu sibir, tina kituna lain ujut teu pertjaja. Ngan banget nja melang hate bisi hidep duanana keuna ku bahaja pati,” ujut Mardasan pok niaritakeun tina perkara kasaktian ki Djalumpang. matak muringkak bulu punduk pikeun ki Maskara, ari pikeun Amran mah lain muringkak bulu punduk tapi ngahuleng sataker kebek, mikir sadjeroning diri kumaha atuh piakaleunana.

„Aduh tjlaka. upami kitu mah sim abdi teh panginten moal tiasa enggal hasil pamaksadan,” tjeuk Amran bari djeung neuteup ka ujut.

Ujut Mardasan njeh gumudjeng sarta pokna.



„Tab ieu pisan nu ku Ujut rek dipedar teh, ke darangukeun ku hidep duaan!”

„Naon deui Jut, sumangga bade dikupingkeun. Naon<sup>2</sup> kasauran Ujut ku sim abdi tangtos bade di. djalankeun, sok asal tiasa hasil kana naon<sup>2</sup> anu ku djisim abdi dimaksad!” tjeuk Amran.

„Hade, Ujut teh lain teu wani, lain teu sanggup ngalawan si Djalumpang, Ngan aja uga ti karuhun, jen engke bae ku djadjaka. Engke oge saurna bakal aja dua djadjaka, nu hidji turunan ti Kandangwesi nu hidji turunan ti Kandangdjaga, buktina hidep duaan.

Ngan saur karuhun, bisa ngabubarkéun atawana ngajonan nepikeun ka ngagempurna para rampog nu durdjana lamun eta para djadjaka geus meunangkeun heula pakarangna, Kakara bisa ngagempur djelema djelema djahat ditapel wates pileuweungan Kandangdjaga djeung Kandangwesi tug nepi ka djamana oge moal aja deui djelema<sup>2</sup> djahat diwewengkon eta.” tjeuk ujut Mardasan diselang ku gohgoj heula.

„Ke, hapunten Jut, dupi pakarangna pakarang kumaha, sareng dimana ajana?” tjeuk Amran gantjang megat kalimah.

„Sumuhun Jut, dimana eta ajana pakarang teh? djisim abdi sedja miliaran sanaos kedah meuntas lautan tudjuh sagara dalapan oge!” tjeuk Maskara,

„Ari pakarangna mah mangrupa sahidji pedang, duka pikeun ngaranna eta pedang Ujut oge teu bisa nerangkeun, sabab engkeku hidep masing<sup>2</sup> bakal bisa kaparanggih.

Ngan tjirina, eta pedang teh ditengahna rada ngalegok sakapat pisan atawa sapandjangna eta pedang, ari beusina leuleus beunang dipilej pilej-tah eta wae tjirina mah.

Djeung deui, ujut teu bisa nerangkeun dimana ajana eta pedang, ngan tjeuk udjaring karuhun, lamun panggih djeung dua djadjaka anu hajang ngaleungitkeun tereged di ieu pileuweungan wewengkon Kandangwesi djeung Kandangdjaga, prak utus ku maneh duanana sina masing<sup>2</sup> bae, nu ka kulon nu ka wetan ulah rek sadjurusan.

Ari pikeun netepkeun saha<sup>2</sup>na nu ka kulon djeung saha nu ka wetan, ku ujut dilotre heula.

Pek tah ieu dua rokrak ti ujut, tjekel ku hidep hidji sewang, tuluj atjungkeun ka luhur, kamana eta rokrak hartina nuduhkeun djurusana hidep sorangan kudu pileumpangeunana." ujut Mardasan song ngasongkeun rokrak hidji sewang.

Kep ku duaan ditampanan sarta diatjungkeun ka luhur.

Barang tjung pada ngatjungkeun rokrak, dadak<sup>2</sup> rokrak teh mawa tanaga, ari nu di tjekel ku Amran mawana ka beulah kulon, sedeng nu ku Maskara mamawa ka beulah wetan.

„Aduh jut, tetela nu ku djisim abdi mah ngabantun ka palih wetan geuning jut," tjeuk Maskara baringasongkeun deui rokrak ka ujut Mardasan.

„Djisim abdi ngabaptun ka palih kulon geuningan jut!" Amran oge njampeurkeun bari ngasongkeun rokrakna deui ka ujut Mardasan.



„Hahaha, tetela. Hidep Amran kudu ka beulah kulon, sarta hidep Maskara kudu ka beulah Wetan ulah salah deui. saha nu pangheulana beubeungan eta nu pangheulana kudu njerang ka Tjiharendong, sarta deui moal aja anu mempan segala elmuh sihir ki Djalumpang asal boga eta pakarang Itung<sup>2</sup> lotre bae, naha aja dimana, di wetan atanapi di kuluon, kumaha milik hidep masing<sup>2</sup>.” tjeuk ujut Mardasan bari gumudjeng alit.

„Hatur nuhun, mudah<sup>2</sup>an bae djisim abdi tiasa hasil!” tjeuk Maskara

„Sami djisim abdi oge ngahaturkeun rebu nuhun kana pituduh ti ujut!” tjeuk Amran bari tungkul.

„Heug geura arindit, tapi duanana ulah rek nglangsungkeun poe ieu, Amran kudu bisa mulang heula ka Sewudjadjar, ieu nu geulis anteurkeun heula, sakalian kudu njelang kawin heula ulah rek tjul leos saentjanna dikawin hidep.

Kitu deui Maskara geura indit ka Kandangdjaga penta hampurana ka Tarmidah djeung ka Hamidah,

„Sumangga, sadawuhan ujut moal teu ditjaosan ku sim abdi, sumangga ajeuna abdi bade ka Kandangwesi kalih ieu nden Marwijah!” tjeuk Amran bari song sasalaman, malah Marwijah oge sasalaman ka ujut Mardasan.

„Sim abdi oge bade ka Kandangdjaga heula kala-jan mundut piduana ti ujut!” tjeuk Maskara bari sasalaman.

„Tangtu ku ujut diandung piduana, hararidep teh sing hararasil. ngan kade ulah arek ngajakeun deui karusuhan, atawana duanana patjengkadan, dimana basil salah saurang poma ulah aja basa sirik pidik terus nepi ka pabentrokan.”

„Mudah<sup>2</sup>an ulah dumugi ka palih dinja, kalajan madah<sup>2</sup>an abdi tiasa ngaleupaskeun tina saneskanten napsu anu-angkaramurka.” tjeuk Amran bari tungkul sarta seuri leutik.


„Kitu deui sim abdi oge Jut, mudah<sup>2</sup>an ulah dumugi ka sapertos nu parantos<sup>2</sup>.” tembal Maskara njambung tjaritaan Amran,

„Pek ku ujut rek ditinggalkeun ajeuna mah da geus beres.” tjeuk ujut Mardasan bari indit teu tolil deui, les ngereles duka kamana djigna,

Nu tiluan pa-pelong<sup>2</sup> tuluj silih hampura, bari silih duakeun sing pada hasil.

Geus kitu mah Maskara indit ka Kandangdjaga rek nepungan heula nji Tarmidah djeung bu Hamidah.

Ari Amran indit duaan djeung Marwijah rek ka Sewudjadjar heula didjalan pa ajang<sup>2</sup> leumpangna pa kaleng kaleng.



## BAGIAN KADUA

**D**I Sewudjadjar satutasna akad nikah antara Marwijah djeung Amran, harita pasosore kira tabuh opat Marwijah keur guntreng paduduaan di kamarna taja deui nu ditjaritakeun iwal ti perdjalanan anu rek ditempuh ku Amran tea.

„Engkang parantos djangdji dina ati sanubari lawan geus dilisankeun kū engkang ka Emar kitu deui ka mama kalih ka ibu. Rehna engkang kedah sa tiasa<sup>2</sup> mios dina sonten ieu pisan kanggo nempuh perdjalanan milari pakarang sakumaha nu dipiundjuruk ku ujut Mardasan tea,” tjeuk Amran bari njepengen taktak Marwijah,

Marwijah ngzhuleng bari tuluj ngareret, ngarasa handjelu pedah keur sosonoan bet rek ditinggal-kéun, meudjeuhna mah maranehna teh papangan-tenan keneh semiet sabulan mah lilana.

„Naha teu tiasa upami djangdji engkang diundurkeun waktosna, tilu dinten deui we atuh kang tong waka angkat ajeuna<sup>2</sup>, abdi mah sono keneh, djawab Marwijah bari djeung naleukeum kana lahunan Amran ari rarajna mah tanggah neutep,


„Engkang oge sanes kirang seno, sonona mah anu kalangkung, namung djangdji teh mangrupikeun hidji sametan nu kedah pisan dibajar, kalihna ti kitu matak ngadjadikeun dosa nu abot upami henteu dilaksanakeun. Wajahna bae Emar didieu ku engkang dikantunkeun, mamanawian urang tiasa enggal<sup>3</sup> patepang deui, enggal<sup>3</sup> hasil saneskanten anu dimaksad ku engkang,” tembal Amran bari dumareuda.

Hatena mah ngahelas rek ninggalkeun buah ati anu keur meudjeuhna sono teh.

„Sawengi deui we atuh kang endjing nembe angkat pasusubuh oge mangga, naha teu hawatos ka abdi?” Marwijah keukeuh megatan, handueul boro geus ditjita-tjita deui jen bakal babarengan kulem peuting engke njatjapkeun katineungna.

„Sanes teu hawatos kantenan atuh hawatos mah, namung upami dinten endjing sami bae sareng engkang teu ngalaksanakeun djangdji.

Kapan djangdji ge bade dinten ieu dinten Dju-mah pasosonten tabuh opat,” djawab Amran bari neutep ka Marwijah nu geus mimiti niwangkrung tjipanonna,



Amran oge teu tega, gantjang Marwijah diusapan buukna bari pokna teh.

„Engkang ge moal lami Nung, insja Allah pamaksadan engkang moal lami oge hasil, engkang bade enggal<sup>2</sup> wangsul deui. Malihan mah engke dimana parantos basil sanes kanten tudjuan urang, tangtos Emar oge bakal sakantenan ku engkang dibantun ka Kandangwesi nepangkeun ka ibu sareng ka pun ąki, ki u deui ka pun nini.”

„Mudah<sup>3</sup>an bae atuh sing enggal dugi kana naon nu ku engkang dipimaksad, sanaos abdi mikahojong oge ku engkang dikuleman deui sawengi ieu, na-ning kumargi parantos dugi kana waktos anu dijangdijkeun rupina abdi moal tiasa ngawagel ka engkang, mung ngahaturkeun saneskanten piduana bae ti kaanggangan.” tembal Marwijah bari neuteup tur ngaberebej tjisotjana. Ku Amran diteuteup bari sumeredet hatena, kadeudeuh, kaasih djeung ka-melang pagalo dina batin Amran.

Kek ku Amran ditjepeng angkeutna, pel dikemot lambejna anu ambutjuj teh, mani bari pating peu-reudeuj sotjana, katambah ambekan pating rumandanjug.

„Mar, dimana ari mama sareng ibu?” tjeuk Amran sanggeus ngalesotkeun biwirna tina lambej nu ambutjuj. maranehna tingkaretap hari njusutan biwir, malah Marwijah mah dibarung ku njusutan damisna da lamokot ku tjisotja tjampur djeung ludah anu mentas ngagalentoran.

„Mama sareng ibu mah aja bae di pawon kang.”

„Di pawon haju atuh urang nepangan heula eng-kang bade undjukan ka arandjeunna sanaos parantos langkung ti pajun basa dinten kamari engkang kan-tos undjukan.” tjeuk Amran bari ngusapan rambut Marwijah, nu diusapan tanggah deui bari pokna.

„Kantenan, bilih deudeupeun!”

Tidinja kakara djung narangtung tina randjang ku sabab geus ampir sore teuing, djeung deui sanadjan teu tulus sare deui oge sapeuting ieu papangantan-an, da enggeus ninggalan katineungna sarta bieu babarengan njatjapkeun kanimatanana,

Ti kamar ka tengah bumi maranehna silih kaleng katjida silih pikageugeutna. Kakara papisah saeng-geusna nepi ka lawang pawon bae, dumeh bade ne-pangan iburamana.

Reket mukakeun panto pawon, kasondong ibura-mana nudju tjaralik marajunan hawu, kawantu dipa-gungan tabuh limasore keur meudjeuhna tiris.

„Jap sarideang kadieu! Tah tjai enteh panas ngahadja ama meuleum sampeu deuih, geura urang ngaraleueut bubuj sampeu sareng kurud gula!” saur mama Kuwu bari ngareret kanu kakara djuldjol ti tengah bumi.

„Mangga, heheh— sawios da teu ngaraos tiris abdi mah, mama!” djawab Amran bari purungkat purungkut malum isin ku mertua mah.

„Ih atuh da tos biasa udjang mah, jap urang ma-samoan we didieu atuh urang ngadongeng.”



Gek manehna dariuk ngarendeng majunan ibu ramana, sor<sup>2</sup> ku ibuna diasongan tjai enteh nu panas, bubuj sampeu, kukurud gula lumendo, wadjit ti Bungbulang anu teuas tiluar kadjerona ngepros tea atawa ti luar garing kadjero baseuh teu beda ti nu pelem tea meureun.

Mun kiwari mah eta teh wadjit Tjililin, ngan eleh baradag ku wadjit Bungbulang, nepi ka sagegede gede bantal teh lain bohong atub bungkusna ge ku upih lain daun djagong.

„Abdi teh ama, ibu, hatur piundjur kalajan nedah widiti ama sareng ti ibu disarengan deui ku sanes kanten piduana. wirehna abdi dina dinten ieu atanapi sonten ieu keneh bade mios teh, sakumaha anu parantos ku abdi disanggemkeun dua dinten nu tos kalangkung, njaeta sedja njusul pituduh ti ujut Mardasan,” tjeuk Amran buru<sup>2</sup> undjukan dagingetkeun waktu geus njerelek, tereh ganti lakon deui sanadjan djalanna mah anger,

Bubuhan kitu adat kumaha tjeuk adat mimiti teu bisa diiradatan deui, kudu we ganti<sup>3</sup> lengkah. Matak rieut kanu mapah<sup>2</sup>keunana atuh da.

„Aeh<sup>2</sup> naha bade angkat teh mana sonten<sup>2</sup> teuing atuh udjang, ambuing<sup>1</sup> anaking, sieun temenan di-perdjalananana oge kapan bade ngorang pileuweu-angan tur geledegan sanes bade ngorang djalan kota nu rarame. Endjing deui we atuh udjang, da kapan masih keneh aja waktos,” tjeuk ibuna bari ngahu-leng neuteup ka Amran.

„Leres, sanes teu hojung atuh abdi oge mondok sawengi deui didieu,

Namung ngemutkeun kana djangdji<sup>2</sup> anu parantos  
ku abdi dilisankeun, rehna dinten ieu pisan bade  
mios teh pasosonten Kitu deui isin kana djangdji  
abdi ka ujut waktos di gunung, wirehna paling  
lami abdi aja di Sewudjadjar teh tilu dinten tilu  
wengi pokona supados parantos ngakadkeun per-  
tikahan heula bae sakumaha pituduh ti ujut," djawab  
Amran bari tungkul teu wantun neuteup pameunteu  
nu djadi mertuana mah.

„Kumaha atuh amana, geuning si udjang teh keu-  
keh bae angkat ajeuna, ibu mah da sono keneh  
sareng melang deuih," ibuna ngareret ka mamana.

„Ari dipikir mah memang melang, memang saha  
nu teu sono kolot ka nu djadi anak, tapi dipikir  
dibulak-balik ku pikiran mama, aja oge saena kang-  
go si udjang teh, sinatra teh kedah tigin kana  
djangdji. Sok angot ieu mah hidji hal<sup>2</sup> anu memang  
tos djadi rantjangan sareng tudjuan ti lembur u-  
djang njalira, sumpah ka nu djadi ejang kalajan ka  
nu djadi ibu, rehna kedah ngaburak barik djalma<sup>2</sup>  
nu djarahat torta nu parantos mateni tuang rama.

Ajeuna aja deui pituduh ti tuang ujut, eta teh  
kedah pisan dilaksanakeun turun gunung unggah  
gunung meuntas sagara dalapan dihalangan ku pe-  
dang mang-pirang<sup>2</sup> saupamina, kedah bade dilaksa-  
nakeun," saur mama kuwu bari neuteup ka Amran.

„Leres aina, kabartos pisan," djawab Amran bari  
masih keneh ngeluk tungkul.



„Mangga ku mama sareng ku ibu diduakeun pi san sing hasil saneskanten tjita<sup>2</sup> udjang teh, tjetjoba anu kumaha abotna kedah tabah majunana, margi teu kendat kanu bade neruskeun tjita<sup>2</sup> sok seueur gogodana.

Tjetjobi ka salira udjang moal teu seueur. ku mama pribadi parantos katoong, malih geura engke mah ka salira udjang teh aja nu langkung<sup>2</sup> anget na. Sanes mama njingsieunan, namung kanggo pepeling ka salira udjang. dimana mendak dododja sareng tjetjoba supados tabah dina majunanana.” saur mama Kuwu, ku andjeunna mah tos katoong ti ajeuna keneh, bubuhan sepuh nu pinuh ku elmu batinna. awas pirasatna. Jen Amran bakal meunang hidji tjetjoba nu leuwih beurat, sanadjan tangtu bakal hasil ari maksudna mah.

„Mudahan abdi teh sing kiat dina majunan hidji tjetjobi, disareangan ku pidua ti para sepuh boh pidua ti ama ti ibu kalibna ti pun biang sareng pun aki dikampung,” walon Amran.

„Tangtu ku ama bakal diduakeun beurang peuting moal petot direkeskeun ka Nu Maha Kawasa sangkan udjang kenging kamuljaan, hasil saneskara nutditjita tjita ku salira udjang.” saur mama Kuwu kituna teh bari semu nu tjumalimba. Sok sumawonna ibuna mah, sanaos ka mantu ege teu benten bet njaahna sapertos ka putrana ku andjeun bae, buahan putra mung hidji<sup>2</sup>na atuh Marwijah sorangan kasebut putra tunggal.

Sanadjan bari djeung pada sedih ati, nu niggal-keun djeung nu ditinggalkeun, wajahna kudu papisahan, Amran tjudok silaturahmi ka ibu rama mertua kalawan hormat tilawat, mundut piduana.

„Diduakeun kasep ku' ama!" mama Kuwu ngalimba.

„Ku ibu oge diandung piduana," ibu Kuwu sami<sup>2</sup> ngembeng tjisotja, bet tugteg aremutanana kawas anu bakal mendak tiotjoba nu langkung angot pikeun Amran di perdjalanan.

„Engkang, ulah lami<sup>2</sup> teuing. Euggal mulih deui abdi teu werat dikantunkeun lami<sup>2</sup> ku engkang!" Marwijah bari ngarontok dampal leungeun Amran teh bari djeung ngagukguk nangis tina sedih<sup>2</sup>na,

Dikantun ku kakasih, buah ati nu masih keneh dipikasono djeung dipiasih.

Kapaksa maranehna silih tjeungtjeurikan beula disaksi ku ibu ramana nu teu wudu arandjeunna ge murubut tjitangisna.

Amran didjadrap ku Marwijah dugikeun ka lawang pakarangan lembur, tididja kakara paturaj bari pada sumoreang, ngadadak tingsareblak hate boh Amran boh Marwijah.

ooooOoooo



## BAGIAN KATILU

**A**NGIN gede ngagelebug, nebak kana tatangka-lan daunna pating karebut tangkalna pating pelenoj matak geumpeur pabaur djeung keueung.

Di luhur pasir ngagimbung, balad<sup>2</sup> Tjiharendong tingdjarega sawareh pating djaligrah lir monjet nu dangsa bari ngaleprokan andjing anu arek asup ka leuweung sarta kaluar ti kota.

Pa Djalumpang muril<sup>3</sup> kumis bari tjatjakakakan, tjeuleuweung teh mani geumpeur. da sorana geu-euman pantes djeung djangkung gedena.

„Hej . . . ajeuna nurutkeun perhitungan dewek, si Amran teh bakal natar ngulon, tjenah mah arek ngaruntagkeun turunan dewek!“

„Sumuhun Bah, djadi kedah dikumahakeun ku urang teh, bah? Naha diberik deui model kapung-kur takol sarta borogod tong asa<sup>2</sup> deui bebeskeun kana sumur dedetan ku batu nu galedé,” tjeuk Ki Badud bari nulaktjangkeng, asa pangdjagona pangkapakena ku kapalana.

„Teu kudu, keun ku dewek rek dibere elmu tenung baju djeung tenung brahma,” tjeuk Bah Djalumpang bari muril<sup>2</sup> kumis.

„Kinten<sup>2</sup>na iraha pingaliwateunana ka pileuweu-  
ngang ieu teh bah, sareng kumaha watekna ari te-  
nung baju djeung tenung brahma teh?” tjeuk nu  
saurang deui titukangeun manehna.

„Teu njaho silaing kana tenung baju djeung te-  
nung brahma?”

„Sumuhun teu terang abdi mah Bah!” djawabna teh  
Tenung Baju mah watekna teh matak bidjil  
angin gede ari tenung brahma mah kaluar seuneu,  
nu matak !ain bantrak<sup>2</sup>eun elmu dewek mah deu-  
leun! sing nurut ka dewek, sing sieun ku dewek  
sarilaing kabeh oge rjal!” tjeuk bah Djalumpang  
bari mureleng.

„Kantenan bae atuh Bah, kapan sadaja oge pada  
tunduk ka abah, kalajan saha nu teu tunduk ka sa-  
lira abah tong budjeng<sup>2</sup> ku abah ku abdi oge ditja-  
tjag!” tjeuk ki Badud bubuhan kasebut wawakilna.

„Hih, puguh ku silaing kudu ditjatjag, malah ku  
dewek mah saha<sup>2</sup> nu teu tunduk ka dewek dibebekna  
oge moal ku bedog deuleun, tapi ku peureup, tong  
boro<sup>2</sup> hulu djelema, batu bubuk ku peureup dewek  
mah deuleun!” tembal bah Djalumpang beukang-  
karamurka.

Duweh eta manehna téh katjida panasna ku paehna Djakatarung ku ki Amran.

Numatak ajeuna mah sagala kasaktianana dina elmu tenung djeung sihir teh rek dibudalkeun kabeh lamun pareng panggih djeung ki Amran teh.

„Nurutkeun palintangan dewek mah poe ieu si Amran bakal liwat ka pileuweungan Tumaritis, pi-keun indit katebeh kulon, arek neangan pakarang keur ngantjurkeun dewek katut sarilaing.

Malah si Maskara oge nu kamari taluk ka dewek ajeuna kapangaruhan deui ku si Amran djeung ku bubujutna, tjenah tjeuk palintangan, dua djadjaka nu nguloi anu ngetan arek ihtiari pakarang teh hajang ngaruntageun turunan dewek.

Ajeuna kudu dipegat di djadjalaneunana ku rupa<sup>2</sup> gogoda, sina naradjang seuneu djeung angin, lamun masih keneh wangkelang ku eta, aja deui elmu dewek nu leuwih matih djeung leuwih ampuh.” tjeuk bah Djalumpang napsu.

„Kutan si Maskara oge geus taluk deui ka si Amran padjar maneh satru kabujutan. Si kasebelan teh, hanas ku kuring teu dituturkeun kamari ieu teh, sina bubuk tong aja anu beleger ka tulang<sup>2</sup>na oge.” tjeuk ki Badud bari djalang djeleng.

„Heueuh deuleukeun ku sarilaing ti dieu, pasti awas ka Tumaritis, dimana liwat kalebah dinja, lamun dewek kaparegan teu awas mata, baredjaan ku silaing, urang sikit ti dieu, tuman!” tjeuk bah Djalumpang bari ngagidir deui bae.

„Mangga! mangga, mangga!” mani reang djeung pating djaligrah.

„Wah— siyah budak bau djaringao keneh geus wanu<sup>2</sup> ngalakianan ka dewek dihakan siyah ku dewek mah siyah!” tjeuk bah Djalumpang bari gek diuk di na akar njarande kana tangkal kai nu geus taja kilitan da garing ngabujahjeh beuteungna sagede beuteung munding reuneuh,

Dasar mungguhing geus aja gurat titadina aja dina ramalan hirupna, pikeun Amran kudu meunang gogoda nu leuwih banget.

Ojeung deui waktu harita di pakidulan hususna mah masih keneh sagala elmu lahir kawedukan gagahan djeung kasaktian. nepi ka elmu tenung tur sihir dikersakeun diidjabah ku Gusti Allah.

Rentang<sup>2</sup> di Tumaritis dina lolongkrang djalan satapah Amran leumpangna ngagandeuang kawantu masib isuk keneh bari panon poe rada beureum urut sapeupeuting kurang sare kawantu kapeutingan di tengah pileuweungan kapaksa sare dileuweung bari digembrong ku reungit.

Gagak ngear disarada siit untjuing tinggarelik tjiang<sup>2</sup> ngalelewang pikir sedih hate bingbang sumoreang kanu anggang ka djungdjunan huah hate nu satia djeung satuhu putri tunggal mama Kuwu.

Nu dipasir tingtjaringeus tjaruringhak lir nu keur njiram nempo nu haseum kawas geus harajang njetrok ngarareweg bari djeung balaketirakan,

„Bah, tuh si Amran liwat di djalan Tumaritis!” ki Badud ngagero ka bah Djalumpang



„Mana, mana si kunjuk rawun teh siah ? Wah tjilaka silaing teh ajeuna mah Amran moal bisa ngalawan kakuatan angin nu gede. Tjoba tampanan!” tjeuk bah Djalumpang bari tuluj manehna ngaluar-keun beusi nanggala nu legok tengabna tea, belewer dibaledogketun sanggeusna diparantjahan kituna teh duka teuing patantjahna mah mangrupa parantjah kumaha ?.

„Hej bïradja menta pangdatangkeun angin barat pikeun manusa nu leumpang di djalan !”

Belewer ..... gelebug teh dikersakeun angin mani ngagelebug sarta ngaguruh handuruan.

„Oooooowww ..... oooooww !” Amran djudjur-alitan katebak angin tapi teu ari nepikeun ka kabawa ngapung mah, kek manehoa njekel kana tatangkalan, njekel tangkal kiara kiarana rungkad, njekel kana tangkal batarua, bataruana tigubrag. Njekel kana tangkal tjaringin tjaringinna oge rungkad ngadadak angin lain lumajan gedena, matak tiwas lamun kurang<sup>2</sup>na mah.

„Aduuuuhhhh ..... tuluuuung !” Amran menta tulung bari gege relengan muru tatangkalan bari djeung gege relengan, untung teu balai keuna atawa katinggang ku tatangkalan nu rungkad oge. Nu di pasir bah Djalumpang djeung balad<sup>2</sup>na munggah tintjakakak, sareuri ngeunah pedah nempo musuhna samar polah teh.

Gep Amran kana tanngkal kai nu lembut kira<sup>3</sup> sagede indung suku, muntang tipepereket, atuh nadjan pepelendojan oge teu daekeun runtuh da leutik.

„Hahahaha, hahahaha, dareuleukeun ku sarilaing tuh si Amran si kurang adjar teh, nangkod dina tangkal bintinu sagede indung suku euj !” tjeuk bah Djalumpang bari djeung djidjingklak.

„Hajang teh katinggang ku kai gede huluna meu-reun butjat ..... !” tjeuk rampog<sup>2</sup> nu sedjenna.

Amran nu keur njekel tangkal bintinu tipepereket bari djeung sasambat ka karuhun<sup>2</sup>na, kalajan dibarengan mumuntang ka Gusti Nu Maha Sutji, manehna inget kana kalimah Sahadat. peureum bari mapatkeun Sahadat ngadadak les angin teh eureun tinggal hiliwirna angin leutik bae nu biasa di pagungan.

„Wah tjilaka euj angin teh eureun deui, tuh deuleukeun si Amran hudang deui bari kikirab !” tjeuk bah Djalumpang, atuh balad<sup>2</sup>na nu genepan teh pating tjolohok dumeh angin teu kanjahoan eureuna.

Amran matja istigpar bari ngusap beungeut.

„Astagpirullahaladzim, naha ieu teh kasebutna angin naon nja ? Disebut angin barat da puguh djolna ti beulah wetan turta teu matak ngaruksak kieu kana tatangkalan oge, pangdeuleu mah bien mani tingdorokdok tatangkalan teh rarungkadan. Ijjj matak pikagilaeun !” Amran ngahuleng tina bakat ku kagetna, kakara manggih angin nu sakieu gedena mah.

Tapi barang manehna beunta tina peureumna katjida matak anehna teh, jen teu satangkal-tangkal atjan tatangkalan anu rungkad, boro<sup>2</sup> make djeung tatangkalan nu galede nu laleutik ge euweuh, teu pangpung<sup>2</sup> atjan maruragan. Malah lain pikeun Amran wungkul sadalah balad bab Djalumpang pisan karageten..



„Aeh<sup>2</sup> bah, naha tatangkalan teh bet ngadidak djaradi deui njaaa?” kabeh naranjakeun.

„Tong rea omong siah, kumaha dewek we atuh!” tjeuk bah Djälumpang bari rada mureleng ka ki Amran. pedah eta meureun nu biasana eta tenung baju teh sadjam paling sakeudeung kamanipuhananan, ajeuna ngan lima menit.

„Kurang adjar si Amran, ku aing rek ditibanan deui tenung geni atawa brahma!” gerentes hatena bari tikekereket huntuna,

„Tjing bah kadinja tenung deui sing dugikeun ka antjur badanna!”

„Bisa djadi ajeuna mah bakal modar kaduruk ku seuneu nu moal bisa pareum deui sanadjan dibandjur ku hudjan nu kalah kumaha gedena ogel!” tjeuk bah Djälumpang bari manehna menekung deui mapatkeun djangdjawokanana, tapi duka teuing ketang duka djangdjawokan duka kalimah<sup>2</sup> biasa.

Ari Amran tuluj leumpang nudju deui ka beulah kulon hatena teu weleh<sup>2</sup> ngarasa kaget dumeh eta angin teu njaho datangna djeung teu njaho deui euweuhna, tur nu tadi rarungkadan bangsa tatangkalan ngadidak raradjeg deui teu sakara-kara.

„Beu naha naon atuh, da ari ngimpi mah aing teh piraku deuil” tjeuk gerentesna bari luak lieuk.

Teu kanjahoan deui peletek teh seuneu tigireun mani ngagugudag, manehna ngarendjag bari undur<sup>2</sup>an tanggah nempokeun seuneu anu ngagugudag diluhureun tatangkalan. Ger deui ditukangeun ger hareupeunana atuh geus katingker ku seuneu.

Tapi Amran rada tenang da geus pangalaman tina perkara angin tea, manehna peureum bari matja Istigpar kalawan Sahadat kalimah kalih

Dadak<sup>2</sup> seuneu nu tadi ngagegedur teh set taja urut<sup>2</sup>na atjan.

„Aeh<sup>2</sup> njata lamun kieu mah perbuatan manusia nu ahli tenung lain seuneu djeung angin nu saenjana.

Hemb, manusia moal bisa njieun seuneu djeung angin, anging Allah. Saukur bisa ngulinkeun tetendjoan batur wungkul,

Heug saha manusana ku aing ditunggu, bisi pasaran mah prak geura berik! Moal salah lian ti perbuatan djelema<sup>3</sup> durdjana,” tjeuk Amran susumbar. Tapi bari ngingkig deui leumpang.


Nu dilaluhur pasir, njaeta Djalumpang katut kabladna ngarasa helok pedah Amran bisa terus langsung kalawan seuneuna nu ngagugudug teh pes pareum taja urut<sup>2</sup>na atjan.

Leng Bah Djalumpang ngahuleng bari gogodeg.

„Njata mun kieu mah dua taun taja nu mempan tapi awas engke kahareup. Lamun pareng balik deui maneh ka lebah dieu ku kami dipapagkeun ku hidji tenung nu moal bisa dilajanan ku pantar Amran!”

„Kumaha tah bah, bade teras diberik bae bilih manehna ngahadja njerang deui engke ka urang dimana hasil pakarang nu diteteanganana?” tjeuk ki Badud malah ditema ku ki Mađhur.

„Antep sina meunang pakarangna,” tjeuk ki jaho.



Keun sima neangan pakarang, moal bisa meuntag  
kedjeun kalah kumaha oge. Sabab dewek teh lain  
saeutik-eutik dekengan lain saeutik-eutik namba-  
han, kabeh geus dibere kontak ku dewek.

Tuh beulah tonggoh lebakeun lengkob gunung nu  
katelah Awas-Sagara, didinja aja lembur njingkur  
tapi gegek ku pangeusina, sanadjan imahna mah  
ukur aja tilu suhunan, ngan galaledé, manusia'na  
mah gegek lobé, parentul deuleun.

Eta katelahna lembur Batungampar, sarta koko-  
lotna sobat dewek ngaranna Abah Ngadipa, djago  
eta teh euj, lain bantrak<sup>2</sup>keun deuleun euj. Dewek  
ge mun pareng adupelit dina maenpo djeung maneh-  
na ampir<sup>2</sup> dewek nu ripuh, mindeng kabeubeutkeun.  
Tong boro<sup>2</sup> budak ngora model si Amran.

Moal salah manehna bakal kadinja los<sup>2</sup>sanana, sa-  
bab djalan teh ngan ka dinja notogna, kadjava mun  
rek balik deui ka Kandangdjaga kakara terus meng-  
kol ka kaler, tapi tudjuanana ka kulon si Amran teh.

„Hahaha, habaha .....alus euj, alus si Amran  
hajang ka kulon, tanwande dipapag ku sobat dewek  
saparakantjana, tur murid<sup>2</sup>nal” tjeuk bah Djalum-  
pang bari djeung tjatjakakakan.

„Sae atuh bah ari kitu mah, kantun megat ti pa-  
lih dieu we panginten urang teh nja bah?”

„Lain, tapi kudu nakul si Maskara ti lembur Tan-  
djungpapak, sobat dewek nu di Tandjungpapak poho  
tjan kabedjaan,

Eta ge euj djago deuih, saguru djeung dewek.

Manehna mah euj bisa luntjat sakali luntjat dua-welas meter marukanan, suhunan imah diluntjatan, ku djago<sup>2</sup>na. Ngan teu njesul ati ka dewek mah, sababaturan dewek ngan dewek nu pangdjagona, ngarti?" tjeuk bah Djalumpang bari muriit-muriit kumis, manehna geus dir djeung sompong.

„Ngartos atuh bah, iraha kedah ka Tandjungpapak teh Bah ?" tjeuk balad-balajna mani raeng.

„Ajeuna tong diisuk pagetokeun pertjumah. Tapi urang njimpang heula ngalongok anak dewek di Nanggeleng, nji Kusminar bisi hajangeun papanggih djeung nu djadi bapa. Djeung rek nanjakeun kumaha aja si Maskara liwat kadinja ?" tjeuk bah Djalumpang.

„Mangga bah, mangga !"

Bring kabehanana ngaleut naluturkeun kapalana, sarta raruntjingas naker.

Maranehna djadi leuwih iatna, sanggeus Amran bisa maehan Djakatarung, sedengkeun Djakatarung teh anakna anu pangdipake andelan, tameng dada Tjiharendong.

ooooOoooo



## BAGIAN KAOPAT

LAUT kidul ombakna pating suruwuk, tingsiriwik semu paul, katingalna matak waas, titingalan asa ngemplong ka kulon ka wetan sumawonna nu ka kidul sisi langit asa nutug di tengah sagara tur njangkeredong hedjo.

Kabeh djalma nu pareng ngaliwat ka lebah dinja nu nelah Awas-sagara, kudu bae eureun heula nempo ka beh kidul ka laut nu paul, sok komo mun ngahariring dangdanggula tjilik dina luhur batu bari nanggeuj gado,

Paingan budjangga baheula geus ngagurit hidji lagu nu njiptakeun kawaas laut kidul.

Rada djauh ti Awas Sagara rada kabeulah wetan na turta lemburna njangkaredong teu tempong timana mendi estu buni karimbun ku kakajon.

Eta lembur nelshkeun sorangan meunang ngahadja nu njaritjinganana, disarebut Batungampar ditjittingan ampir ku opatpuluhi djelema awewe lslaki. Tapi ari imahna mah ngan saukur tilu suhunan kawantu disakalikeun njieun imah nu galede tur lega pakaranganana, hidji imah kaeusian ku limawelas djelema.

Ari nu djadi sesepuh njaeta Abah Ngadipa, guru silat atawa maenpo nu memang geus sohor djago malah muridna ge sadjaba ti anak intjuna teh aja oge anu ti nu sedjen<sup>2</sup> lembur.

Hidji sore manehna ngahadja ngumpulkeun baladna atawa muridna malah minaungka kokolot muridna oge anakna sorangan anu ngaran Umbuldipa, ari Umbul ti ibuna, Dipa njaeta njabit ngaran ti bapana.

Budak ngora tjangker naker awak weweg tur pinter dina silatna, kabeh ge taja nu mahi kana kapeilitan Umbuldipa, malah sok aja kaleuwihanana boga samberan kilat teu katingali ku batur atawa ku musuh, tempo<sup>2</sup> lamun nadjong tara katempo gerakna djol djelebet geus keuna kana gado atawa beungeut batur,

„Bararudak. Abah ngahadja ngumpulkeun maranah kadieu ka buruan. Ari sabab Abah kadatangan surat ti sobat di Tjiharendong, sobat keur guguru maenpo di mama Djamhuri babeula.



Abah oge basa harita teh basa guguru ka Sanggarwaringin kakara we umur duapuluhan lima taun.

Tab nu matak tangtu kadatangan surat ti ki sobat nu geus katjida lawasna teu patepung. kaget oge abah teh." tjeuk bah Ngadipa bari djeung nem-bong<sup>2</sup> surat ka anak<sup>2</sup> muridna.

„Leres Bah, dupi djenenganana saha, sareng naen margina pang andjeunna ngintun serat ka salira Abah, kitu deui saha anu kadieu njanggakeuna-na geuning uninga ka dieu?" tjeuk Umbuldipa bari djeung olahok.

Baheula keur ngorana mah ngaranna teh Sabid anak ki Madtahar ti Nandjung. Madtahar ge murid mama Djamburi keneh, nu duka teuing ajeuna mah dimana eta nu djadi guru ajana, naha tos wapat atawa entjan, abah ge geus ngarasa hajang papang-gih, tapi duka meureunan geus maot da baheula ge geus pantar abah ajeuna, waktu abah ngora keneh eta teh. Ari Sanggarwaringin, geus salin ngaran ajeuna mah djadi kontrak Tumaritis.

Ngan ari mama Djamburi mah geus taja didinja, nadjan ku abah mindeng diteangan oge." tjeuk bah Ngadipa bari pepeta sagala.

„Sumuhun, dupi saladjengna naon dina eta lebet serat teh Bah?" tanja Umbuldipa.

„Naon dilebetna serat teh Bah?" antukna kabeh puk-pok naranjakeun, tina hajangeun njaraho.

„Kieu surat teh pieusieunana mah ti ki Djalumpang alias Sabid, tah kituajeuna mah ngaranna teh ki Djalumpang tjenah.

Jen urang diantjam bahaja rek diserang ku hidji djadjaka turunan Kandangwesi, nu boga ngaran Amran. Eta teh tos asor amuk di Tjihatendong ngan sanggeusna maehan sababaraha hidji murid ki Djalumpang. manehna teh kabur, ari kaburna teh ku lantaran ki Djalumpang mah leuwih djago batan ki Amran.

Ngan aja antjamanana, njaeta tjenah rek tuluj ngagempur urang Batungampar. Manehna njaho ka urang sabab sapuluh taun katukang mah ki Djalumpang teh nja masih keneh boga ngaran Sabid mindeng datang kadieu.

Tah kitu tjeuk manehna teh, matak urang kudu taki<sup>2</sup>, ulah diburu asupna ka lembur Batungampar, bisi terus njaho tempat<sup>2</sup> urang, mending papag di tengah perdjalan.” tjeuk Bah Ngadipa bari ngiwing<sup>2</sup> suratna tea.

Ari suratna mah njaeta kiriman anak buah Djalumpang tea we nu diutus iwal ti ki Tjakra.

Gidir teh Umbuldipa, barang ngadenge kitu, jen lemburna rek diserang ku djadjaka ngaran Amran, gantjang manehna nangtung bari tatandang:

„Oooaaak ..... puah! Kurang adjar. djadjaka samangkeluk rek njerang ka Batungampar? Hemh tong salempang, masih keneh aja putra abah mah, salira abah tong bade madjeng kana tarung, sawios putra heula sareng rerentjangan. Ku abdi moal bade diajak lumpat, moal dipangngedjatkeun satundjang be-as oge Iraba saurna pidatangeunana ka lebah dieu teh Bah?”



„Tjenah mah ajeuna pisan poe<sup>2</sup> ieu bakal datang ka tempat ieu!” tjeuk bah Ngadipa bari melong ka Umbuldipa.

„Hemh. djangdji dipapag ku sim abdi, moal asa<sup>2</sup> samangsa mangsa djadaka pasti nu rek ngaran-djah tea, disamber ku abdi ku kilatbadjra,” tjeuk Umbuldipa, da manehna boga elmu kilatbadjra nu bisa ngababuk sakilat bari teu katempo gerakanana Tempo djelemana oge bisa luntjat nepi ka sapuluh atawa limabelas meter djauhna.

„Kang, ulah waka dir. Boa teuing mana wantun oge itu teh aja kasaktianana,” djol pok bae adina nempas ti gigireun abab Ngadipa, awewe nu masih parawan geus ramadja putri arī ngaranna katedlah Eulis Banon. dumeh geulis demplona matak pikahajangeun muridna pikaresepeun indung bapana,

„Ah, Eulis mah tjitjing we. awewe tong pimilueun pokona akang nu djadi lantjeuk tur lalaki ongkoh deui pangadeagna nu kudu ngadjaga kana kasalametan urang sarerea.” tjeuk Umbuldipa bari mureleng.

„Njaeta mah teu langkung, kumaha ke upani itu langkung kesit langkung sakti batan akang?” pokna deui bari njerengeh,

„Disembah liang taina ku akang mah mun akang kudu eleh pelit ku djelema luar!” tjeuk Umbuldipa ngarasa ditjatjampah ku adina.

„Sawios atuh mangga we kang abdi ngaduakeun sing basil!” tjeuk Eulis Banon bari njerengeh.

..Djig bae udjang geura indit, heug ku abah ge didoakeun, tapi poma ulah rek udjub teuing, saga larupa kudu djeung siger tengah, ulah djangdji gaplok tapi kudu alus pok heula, tanja sing bener naon sababna datang ka urang, prak mun enja rek djahat ku udjang singkahkeun, mihalangan mitina ku lemahlembut, mun teu beunang kakara ku tindakan nu keras !" tjeuk bah Ngadipa, memang maneh-na mah djelemana teu model bah Djalumpang, malah da kana kalakuan bah Djalumpang teh teu njahoeun<sup>2</sup> atjan, samaruk teu djadi rampog nu gerot bae.

..Tjumah bah, margi bangsat oge ditaros mah tara ngaku, mending seak djebet bae asal leres aja djadjaka kulamprang-kulampreng ka dieu eta nu rek ngadjago tur djahat !" tjeuk Umbuldipa, bubuhan budak ngora masih keneh getas harupateun.

..Prak rek kumaha bae oge, asal sing waspada !" tjeuk bah Ngadipa da njaho kana adat nu djadi anak teu beunang dihulag.

..Batur<sup>2</sup> haju urang indit mapag si Amran djadaka nu rek ngarandjah ngadjadjagoan ka urang sarerea hususna ka abah Ngadipa !" tjeuk Umbuldipa bari ngatjungkeun leungeunna.

..Mangga ! Mangga ! Manggaaa !" aja kana dua' welas djelema mah nu geus sawawa kabeh ngamanggakeun kana pangadjakna.

Tanpa ngareret deui ka bah Ngadipa djung ka Eulis Banon, mararanehna diluluguun ku Umputdipa arindit tingdjligah.



Bah Ngadipa katjida ngangresna tjeuk gerentes-na: „Emh..... anaking, melang teuing abah mah bisi maneh keuna diapers.”

Tuluj ngareret ka Eulis Banon, sarta pokna,

„Tuturkeun lantjeuk maneh, bisi keuna dina keur apes, memang beda rarasaan, sabab nempo sareatna udjub teuing.

Bisi lantjeuk maneh kateter pangawasana, prak bantuan ku maneh, sabab maneh oge boga pepeneman ti ibu maneh djeung ti abah pisan oge dibere pepeneman. elmu panemu djeung pamake oge!”

„Hatur mangga bah, mugi piduana sing tiasa ngabantu ka kang Umbul,” Eulis Banon mundur tihareupeun bah Ngadipa.

„Djig geulis diduakeun, tapi kade nuturkeunana ulah katembongeun ku lantjeuk maneh djeung saparakantjana!”

Eulis Banon saringset pisan papakeanana, samping djangkung, kabaja pondok singset njolendang keun karembong wungu, tjutjuk sanggul tingburilak kawantu tina perak-asli.

Gontojong leumpang semu gantjang panon lingas tur tjureuleuk, nuturkeun nu djadi lautjeukna bisi kateter djadjatenna.

Malah nepi ka teu kareret ku nu arindit tiheula kawantu malibir djalan.

Tibeh wetan rentang<sup>2</sup> djadjaka lir siaatria rek ngahadja ngalalana ngungsi pasini nohonan pituduh karuhun, jen upama hajang hasil kudu madju natar ngulon tjebet ulah pungkal-pengkol.

Geus katembong ku Umbuldipa djeung ku sarakantjana, Umbuldipa tuluj ngarandeg malik ka tukang ka babaturanana.

„Sssttl! Tuh tendjo di hareup, moal teu itu anu disebut djadjaka ngaran Amran teh. Ajeuna mah urang ulah salah teuing tanja ngaranna. geus puguh ngaranna mah, gelepok we tjabok atawa dikadek oge teu nanaon!” tjeuk Umbuldipa

„Sumuhun djang, keun akang oge wani ka budak sagede kitu mah, sakeupeul djeung badjuna atuh, sugan tea mah djadjaka kitu anu dedeg djangkung gede, ieu mah el moal disanguan ku akang oge djang, ditambul!” tjeuk baturna nu kadua ti manehna malah kaitung pangsembadana.

„Djadi, hajoh ku akang sampeurkeun, tuluj tanja heula ngaranna!”

Sirintil teh pangheulana, mapag anu ngalenghoj leumpang ti lebak.

„Saha ngaran andjeun?” djol haok we njentak.

„Kuring Amran.” djawab Amran bari melong beugeut nu nanja.

„Amran .....? Hahaha..... awas siah. Tjaat.” serepet bedogna dilugas, seak diheumbatkeun kana beuheung Amran mani sadjorelat naker.

„Heup..... sat.” Amran oge kesit ngelok bari peureup numbuk hulu angen musuh.

„Ooooowl!” bedogna ragrag sarta manehna baba longkengan utah uger, atuh keur kosong ditumbuk hulu angen puguh we matak seueul. Nu sedjenna gantjang muru ku sabedogna?



„Tjaaaaat ..... !”

Amran taki<sup>2</sup> barang nu njerang datang manehna luntjat „Saaaat ..... hup !” tjleng geus aja dina dahan kiara ngagurawil tuluj diuk.

„Aaaaw... aaaaw !” diadu djeung pada baturna, malah bedog tinggalondjrang ragragan.

Gebut tingkudupung tisarusut kana akar<sup>2</sup>an.

Tinggal Umbuldipa katjida helokna, disangka mu-suh teh bakal bodo, manahoreng kesit naker.

„Puah ! kurang adjar, hajoh turun siah Amran tong njempod sidengdang di luhur, Dewek nu ngaran Umbuldipa anak djago, anak bah Ngadipa. Ha-jang njaho katangginasan silaing. Turun !” Uumbul-dipa tutundjuk ka luhur.

Amran seuri lettik bari mureleng ka handap.

„Mun bener wani, naek atawa luntjat ka dieu. Haju urang tarung didieu, pertjumah tjan kasebut djago lamun gelut kudu dina taneuh wungkul mah tapi dina dahan kai kudu bisa !” tjeuk Amran sakalian ditangtang, sabab manehna geus teu sak dina pahjangkana, jen tangtu eta teh balad<sup>2</sup> rampog nu ngabadja maregat diperdjalan.

„E— eh kurang adjar, bener silaing ngadiago ka dewek, awas tong disebut Kilatbadjra mun teu bisa njamber silaing !” Umbuldipa ngan sakilat pelentung kawas gabus luntjat ti situ njamber nu sidengdang dina dahan kai.

„Tjaaaaat ..... !”

„Saaaat ..... heup ah !” Amran teu beunang, malah luntjat miheulaan musuh, manehna geus aja dihadap dari nangkeup harigu tur imut.

Djlig Umbuldipa ge geus aja deui dihandap ngajuntjatan dahan.

„Tjaaat !“ seak lir kilat numduk angan Amran tapi Amran njingtjet bari njepak kewong.

„Sat !“ plok sakali gus beunang kewongna.

„Aaaaawwww !“ gulitik djungkir djelek nagog deui kawantu pint er.

„Hiaaaaaaaa..... ah !“ Seak teh kilatbradja dipake njamber Amran. Amran kabeunangan da rek njingtjet katewak badjuna atuh diangkat bari dipuntir di luhur, enjaan djagona teh.

Barang Amran rek digebot ka handap, buru<sup>2</sup> Amran nikelkeun tuurna:

„Saaaat..... !“

„Aaaaaw !“ djadina mah Umbuldipa nu kabeulit beuheungna ku tuur Amran. Blek ditindihan, tapi Umbuldipa bisa ngagurindjal djeung ngabantingkeun Amran ..... „Saaaat !“

Amran dibantingkeun teh kalah nagog lir utjing.

Babaturan Umbuldipa boro<sup>2</sup> kabisa manglawankeun deui da ngadadak laleuleus tjararingkud djeung baridjil getih tina tarang djeung irung<sup>2</sup>na.

Antukna ngan aralohok bari djeung tingbaregak.

„Jah !“ Serepet Umbuldipa njabut bedog nu pandjang, tapi kakara rek disabetkeun geus beunang puuhu lengeunna diketig bari luntjat.

„Saaaat !“

„Aaaaaw !“ tj leng bedogna ngatj leng, ari Umbuldipa katadjong deui kewongna mani nieng,



Nempo kasempetan kitu, Amran buru<sup>2</sup> njamber li Umbuldipa kek lebah buuk tukangna ditongtak.

„Aaaaaw!” bluk nangkarak bengkang, djebet di sepak sirahna.

„Aaaaaw .....tuluuuuung!” Umbuldipa gogoren-telan geus bidjal getih tina irung, tapi hantem ku Amran disiksa.

Atuh teu kira<sup>2</sup> bae Umbuldipa ripuheunana, teu bisa ngalawan an deui.

Babaturanana tingraregog, rek nulungan teu wani teu nulungan karunjaeu ka anak guruna.

Antukna patuduh-tuduh djeung baturna.

Nu njaksian ti kaanggangan njaeta Eulis Banon, tatadi tjolohok bengong, nempo kakesitanana Amran djeung kapinteranana.

Ka turug-turug bet katadji ku rupana, nu kaseptur awakna sembada.

„Aduh tjilaka kang Umbuldipa, tjilaka akang bakal tiwas.

Ja Allah naha atuh teu beunang dibedjaan, jen djelema tjan tangtu disangka bodo tjan tangtu disangka pinter.

Aduh kumaha atuh, ari teu dipanglawankeun karunja, dipanglawankeun karunja deui ka'djadja nu sakitu kasepna. Tapi wah rek sina njingkah bae lanan ku aing,

Eulis Banon ngalaan karembongna ditilep-tilep tuluj manehna mudjasmedi menta karamat sapaatna.

Lung dialungkeun kalebah sirah Amran mani tepat pisan keuna kana sirah Amran.

Dadak<sup>2</sup> Amran djadi sosolontodan lit nu katarik  
ku angin topan.

„Aaw! Awww, Aaaw!” terus bae sosolontodan ta-  
pi aneh unggal kai diliwatan djadi sosolontodan tapi  
mapaj<sup>2</sup> lolongkrang tatangkalan djadi teu diadu.

Kabeh tjolohok bengong sedengkeun Amran geus  
djauh naker sorana malah lila ngiles duka kamana  
terus kabawana ku tenung karembong Eulis Banon  
teh da karembongna mah rag<sup>2</sup> digigireun Umbuldipa.

„Kang numatak ulah rek udjub ria takabur geu-  
ning abdi keneh nu tiasa njingkatkeun mah,” Eulis  
Banon njampeurkeun.

Umbuldipa tjengkat barj dumareud.

„Rumaos bae akang teh Eulis, kieu genning ari  
nu teu nurut ka kolot mah, ampun Eulis ampun  
Abah!” Segruk tjeurik dina lahanan adina

~~T. G. Raden~~

~~Rumaos~~  
~~Ampon~~

HANTJAEUN

~~Segruk dina lahanan~~



Sadjabi ti mirah sewaanana teh, oge moal lengoh,  
margi sajagina pepek, upami nambutna buku<sup>2</sup> ka  
Taman Aosan<sup>2</sup> di handap ieu :

1. Taman Aosan "PIALA" Djl. Kebon Kol  
Sumedang.
2. " " "FISKA" Djl. Raja Kadipaten.
3. " " "E. KOSASIH" Tjiwidej.
4. " " "SENTJAKI" Soreang.
5. " " "MINANG" Kp. Emper  
Madjalaja.
6. " " "PUSAKA" Djl. PSM Bandung.
7. " " "ANGKREK" Djl. Raja  
pajuneun pasar Sumedang.
8. " " "MUNGIL" Sumedang.
9. " " "MULIA" Kp. Pasar  
Tjitjalengka
10. " " "TUNGGAL" Djl. Mantri  
Madjalaja.
11. " " "SALUJU" Djl. Raja Tjibabat.  
Tjimahi
12. " " "GEMBIRA" Djl. Nampong  
Tjiawi
13. " " "DARMA SETIA" Djl. Kantor  
Pos 33 Bandjar.
14. " " "BUDI ASIH" Singaparna.
15. " " "SR DEWI" Padalarang.
16. " " "ABUJA" G. Abuja.

Rp. 6



